

Fòm Oto-Atestasyon Zero Revni



Pou rezon enfòmasyon sèlman. Se sèlman fòm lang Anglè yo ka siyen epi soumèt.

Pwogram Fòmasyon pou Rekipasyon Mendèv Rekonstwi Florid la (Pwogram) mande pou yo revize sous revni ak dokimante yo. Ranpli enfòmasyon ki anba a sèlman si ou pa gen okenn sous revni. Lèw fini, soumèt fòm sa bay sou-benefisyè apwopriye a. **Siw gen nenpòt sous revni, PA ranpli fòm sa a. Ou dwe ranpli Fòmilè Oto-Atestasyon Revni. Tcheke avèk patnè pwogram lan apwopriye a pou resevwa fòm ki kòrèk la.**

Mwen, _____, te aplike pou oswa mwen se yon pati nan kay la ki te aplike pou asistans anba Pwogram lan. Mwen konprann ke règleman pwogram lan egzije verifikasyon tout sous revni nan men moun nan kay la ki gen laj 18 tan oswa plis. Mwen konnen ke revni gen ladan, men li pa limite a sa sèlman:

- Salè, peman, peye sipleman, komisyon, frè, ak bonis;
- Revni travay endepandan nan operasyon yon biznis, tankou pwopriyete ak afilyasyon;
- Revni fèm;
- Revni lokasyon nèt;
- Enterè, dividann, oswa revni nan pwopriyete oswa twòs;
- Sekirite Sosyal oswa retrèt reskape;
- Revni Sekirite Sipleman, Èd pou Fanmi ki gen Timoun Depandan, oswa lòt asistans piblik oswa pwogram byennèt piblik;
- Pansyon retrèt, reskape, oswa andikap;
- Peman Veteran (VA);
- Peman nan plas salè, tankou konpansasyon pou chomaj, asistans reyanbochaj, konpansasyon pou maladi / andikap, konpansasyon travayè, ak peman prestasyon;
- Pansyon alimantè (oswa peman antretyen apa);
- Peman peryodik ou resevwa chak ane, plan asirans, fon pou retrèt ou, andikap, oswa benefis lanmò (eksepte lajan asirans yo resevwa a koz lanmò yon moun) ak lòt kalite menm jan an nan resi peryodik;
- Peman ki fèt yon sèl kou (s) pou kòmansman reta nan yon peman peryodik (eksepte jan yo bay nan 24 CFR 5.609(b)(5));
- Peman regilye, Peman espesyal, ak alokasyon a yon tèt nan kay la oswa konjwen ki se yon manm Fòs Lame (si wi ou non k ap viv nan kay la);
- kado monetè Regilye nan men fanmi ak / oswa zanmi; ak
- Lòt revni, ki gen ladan prim ak rekonpans; jwèt aza, lotri oswa gwan raf; frè devwa jiri.

Mwen deklare pandan pwosesis verifikasyon sa a ke mwen pa gen okenn revni nan moman sa a. Mwen konprann ke nenpòt fo reprezantasyon enfòmasyon oswa echèk pou divilge enfòmasyon yo mande sou fòm sa a kapab diskalifye kay la pou yo pa kalifye pou Pwogram lan. Mwen konprann tou ke deklarasyon sètifikasyon sa a ka sijè a lòt verifikasyon pa Depatman Ameriken pou Lojman ak Devlopman Iben, Pwogram lan oswa nenpòt ki lòt Ajans Leta oswa Federal. Se poutèt sa, mwen otorize verifikasyon sa a, epi mwen pral bay dokiman sipò yo, si sa nesesè.

AVÈTISMAN: Tit 18, Seksyon 1001 nan Kòd Ameriken an endike ke yon moun koupab yon krim sil konnen ak byen vle fè fo deklarasyon oswa fwod nan nenpòt ki depatman nan Gouvènman Ameriken.

Mwen sètifye ke enfòmasyon ki anwo a vre epi kòrèk.

Tcheke Youn:

APLIKAN PATISIPAN **MANM KAY LA**

XXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXX XXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXX _____
Non Ekri *Siyati* *Dat*

VERIFIKASYON STAF

Mwen sètifye moun ki gen siyati li ki parèt pi wo a te bay enfòmasyon ki anrejistre nan fòm sa a.

XXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXX XXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXX _____
Non Ekri *Siyati* *Dat*